

Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KANPAY JISTIS FISKAL POU KLAS MWAYÈN NAN  
POU FÈ LIMIT TAKS SOU PWOPRIYETE A PÈMANAN EPI REDUI TAKS KLAS  
MWAYÈN LAN**

***[Kalkilatis Taks Nimerik](#) Revele Pou Montre Konbyen Kontribyab Yo Pral  
Ekonomize Sou Pwochè 10 An Yo Avèk Limit Taks Sou Pwopriyete Pèmanan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo lanse jodi a Kanpay Jistis Fiskal pou Klas Mwayèn lan (Tax Fairness for the Middle Class Campaign) pou fè limit taks sou pwopriyete a pèmanan epi redwi taks klas mwayèn yo. Pou montre benefis yon limit taks sou pwopriyete pèmanan, Gouvènè Cuomo revele yon [kalkilatis taks nimerik](#) pou demontre estimasyon konbyen kontribyab yo te ekonomize anba limit taks sou pwopriyete a e pral kontinye ekonomize nan pwochè 10 an yo ak yon limit taks sou pwopriyete pèmanan.

“New York gen kek taks sou pwopriyete ki pi wo nan nasyon an epi taks yo t ap fòse moun kite kay yo jiskaske nou adopte limit istorik 2 pousan taks sou pwopriyete lokal nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Kounye a gouvènman federal la tounen dèyè avè nou epi efiskasman ogmante taks sou moun New York yo ak limit devastatè li a sou dediksyon sou taks eta a ak lokal yo. Nou dwe fè limit taks sou pwopriyete yo pèmanan, redwi taks klas mwayèn yo epi goumen kont taks eta ak lokal yo (State and local tax, SALT) pou moun k ap travay yo konnen se enterè yo n ap chèche.”

“Bese taks yo pou moun New York yo k ap travay di yo rete yon gwo priyorite pou administrasyon sa, epi fè limit sou taks la pèmanan ap ede redwi chaj finansyè a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Ak nouvo lwa sou taks federal k ap atake moun nan klas mwayèn yo ak fanmiy yo, n ap kontinye batay pou asire jistis fiskal pou tout moun.”

An 2011, Gouvènè Cuomo te angaje li pou rive kontwole taks sou pwopriyete yo yon fwa pou tout. Apre plizyè ane nan eseye plafone taks sou pwopriyete yo, New York te pase pou premye fwa plafon 2 pousan taks sou pwopriyete. Depi aplikasyon plafon fiskal la an 2012, kwasans taks sou pwopriyete lokal te an mwayèn 1.9 pousan konpare ak yon kwasans mwayèn 5.3 pousan soti 2000 pou rive 2010, epi plafon fiskal la te fè kontribiyab yo ekonomize 24.4 milya dola nan tout eta a. Plafon taks sou pwopriyete a te chanje tandans alontèm ak trajektwa Eta a.

Nan kad kanpay lan, Gouvènè a rete angaje a faz pwogresif rediskyon istorik taks klas mwayèn li an. Sou refòm sa yo, to taks klas mwayèn yo pral kontinye bese rive 5.5 pousan ak 6 pousan, toudepan de revni, lè rediksyon yo rantre an vigè totalman - yon rediksyon jiska 20 pousan nan to taks sou revni pèsonèl pou klas mwayèn lan - epi pwodwi yon 4.2 milya dola ke yo prevwa nan ekonomi anyèl yo pou sis milyon aplikan

apati 2025. Pandan nouvo to yo ap antre an vigè, yo pral vin to taks pou klas mwayèn lan ki pi ba nan plis pase 70 ane.

Gouvènè Cuomo te lanse tou atravè eta a Kanpay Jistis Fiskal la apre reyinyon li te fè ak Prezidan Trump sou enpak devastatè eliminasyon konplè dediktibilite taks eta ak lokal yo, ki te gen yon enpak demezire kont New York ak lòt eta ki majoritèman Demokrat yo. New York te obsève yon bès 2.3 milya dola nan peman resèt Taks sou Revni Pèsonèl (Personal Income Tax) yo estime pou mwa desanm ak mwa janvyè a. Pèt revni New York soufri a konfòm ak rezilta lòt eta ki nan menm sitiyasyon yo te wè pandan menm peryòd la. Gouvènè a te mande pou Kongrè retabli tout dediksyon SALT yo epi sispann atak ekonomik ki pa pwopòsyonèl sou eta majorite demokratik yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)